

## Enfòmasyon sou Garanti pou Sèvis Gadri (Haitian Creole)

Lèt sa nou voye ba ou a se pou fè ou konnen te gen yon chanjman nan lwa ki pèmèt plis fanmi k ap **travay** resevwa yon garanti pou sèvis gadri. Ou ka deside olye ou resevwa Èd Lajan Kach (Cash Assistance, CA), sa ou bezwen vrèman se èd pou peye pou gadri. **Fanmi ki aplike pou CA epi ki kalifye pou CA oswa k ap resevwa CA epitou ki bezwen sèvis gadri pou yo kapab travay**, ka kalifye pou yon garanti pou swen timoun pou fanmi k ap travay. Yon garanti pou sèvis gadri vle di si ou satisfè kondisyon yo pou kalifye, distri sèvis sosyal yo dwe peye yon founisè sèvis gadri kalifye pou swen ptit ou. **Garanti sa a aplike sèlman nan kantite èdtan ou travay ak yon kantite tan rezonab pou ou fè ale-vini nan travay pou founisè sèvis gadri ou.**

### Kimoun ki kalifye?

Ou kalifye pou garanti sa a si ou aplike pou CA epi si nou jwenn ou kalifye pou li epitou si ou chwazi sèvis gadri olye ou mande CA, oswa si w ap resevwa CA epi ou mande pou nou fè dosye CA ou, epi:

- W ap touche omwen salè minimòm oswa w ap travay nan yon djòb kote salè minimòm lan fòme avèk yon melanj salè anvan taks ak poubwa, oswa ou se yon travayè endepandan; **EPI**
- Salè anvan taks ou egal a oswa pi gran pase kantite lajan ki endike anba a; **OSWA**
- Si w ap travay nan yon djòb ki pa konsène nan règ salè minimòm epi w ap touche mwens pase salè minimòm lan, ou travay kantite minimòm èdtan ki endike anba la a.

### Kisa pou mwen fè si m ap touche omwen salè minimòm (\$8.75 dola pa èdtan), èske mwen kalifye?

Paske salè minimòm nan Eta New York diferan selon kote w ap travay la ak kantite anplwaye patwon ou genyen, anba la a se de tablo ki gen kritè dapre revni ou dwe satisfè pou kalifye pou CILOCA. Youn se pou yon fanmi yon sèl paran epi lòt la se yon fanmi de paran.

### Yon Sèl Paran

Espas Travay	Salè Minimòm	Kantite Lajan pa Semè	Kantite Lajan pa Mwa
<i>Patwon Vil New York ki gen 11 anplwaye oswa plis</i>	\$11.00	\$192.50	\$834.00
<i>Patwon Vil New York ki gen 10 anplwaye oswa mwens</i>	\$10.50	\$184.00	\$797.00
<i>Long Island ak Westchester</i>	\$10.00	\$175.00	\$758.00
<i>Pifò Eta New York</i>	\$9.70	\$170.00	\$737.00

## De Paran

Espas Travay	Salè Minimòm	Kantite Lajan pa Semè	Kantite Lajan pa Mwa
<i>Patwon Vil New York ki gen 11 anplwaye oswa plis</i>	\$11.00	\$275.00	\$1192.00
<i>Patwon Vil New York ki gen 10 anplwaye oswa mwens</i>	\$10.50	\$262.50	\$1137.50
<i>Long Island ak Westchester</i>	\$10.00	\$250.00	\$1083.00
<i>Pifò Eta New York</i>	\$9.70	\$242.50	\$1051.00

### Kisa pou mwen fè si mwen se yon travayè endepandan?

Menm kritè dapre revni avèk travay regilye aplike. Gade tablo ki anba la yo.

### Kisa pou mwen fè si salè mwen touche tonbe anba nenpòt kantite lajan ki endike anba la a?

Si salè anvan taks ou tonbe anba kantite lajan ki endike anwo a, ou p ap kalifye ankò pou garanti sa a. Si sa rive, ou ka vle mande Travayè Sosyal ou si ou kalifye pou sèvis gadri nan yon lòt pwogram.

### Kisa pou mwen fè si djòb mwen pa peye salè minimòm?

Si ou se yon sèl paran epi ou gen patwon ou ki pa gen obligasyon pou peye salè minimòm nan, ou dwe ap travay 17.5 èdtan pa semèn. Si ou se yon fanmi de (2) paran kote toulède paran yo ap travay, ou dwe gen yon total omwen 25 èdtan pa semèn.

### Kisa pou mwen fè si nou se yon fanmi de (2) paran, kote youn nan nou ap touche mwens lajan pase salè minimòm nan, epi lòt la ap touche omwen salè minimòm nan oswa li se yon travayè endepandan?

Yon kay ki gen de (2) paran, kote yon paran ap touche omwen salè minimòm nan oswa li se yon travayè endepandan, epi lòt paran an ap travay nan yon djòb kote règ salè minimòm ki peye mwens pase salè minimòm nan kalifye pou garanti pou sèvis gadri si:

- paran ki touche omwen salè minimòm nan oswa ki se travay endepandan touche yon kantite lajan ki egal a kantite lajan ki nan tablo yon sèl paran an; epi
- paran k ap touche mwens pase salè minimòm nan ap travay pandan omwen 7.5 èdtan pa semèn.

### Kisa pou mwen fè si kantite èdtan travay mwen tonbe anba kantite sa yo?

Si w ap touche mwens pase salè minimòm lan epi kantite èdtan ou tonbe anba kantite ki endike anwo a, ou p ap kalifye pou garanti a.

### **Kisa pou mwen fè si revni mwen oswa kantite èdtan mwen chanje toutan?**

Si kantite èdtan travay ou oswa salè ou ap chanje souvan, n ap gade yon kantite mwayer èdtan ak revni ki fèt sou yon peryòd twa (3) a sis (6) mwa. Toutotan kantite mwayer èdtan an oswa revni an satisfè minimòm ki dekri anwo a, w ap toujou kalifye.

### **Kisa k ap pase si revni mwen ogmante depase limit revni CA epi mwen vin pa kalifye pou CA?**

Depi revni fanmi ou nan nivo oswa depase kantite ki ta pèmèt ou toujou kalifye pou CA men nan nivo oswa anba 200% Kritè Revni Eta a, ou ka kalifye pou sèvis gadri tranzisyon.

### **Kisa pou mwen fè si m ap travay epi mwen ale lekòl?**

Garanti sa a aplike sèlman nan kantite èdtan ou travay ak yon kantite tan rezonab pou ou fè ale-vini nan travay pou founisè sèvis gadri ou. Ou ka kalifye tou pou sèvis gadri pou kantite èdtan ou ale lekòl la. Si ou bezwen swen timoun pou kapab ale lekòl, ou ta dwe diskite sou sa avèk Travayè Sosyal ou.

### **Èske tout timoun mwen yo kalifye pou resevwa sèvis gadri a?**

Garanti sa a konsène nenpòt timoun ki poco gen laj 13 zan. Si ou gen timoun ki gen plis pase laj sa a, ki gen bezwen espesyal epi ki bezwen sèvis gadri, yo ka kalifye nan yon pwogram sèvis gadri diferan. Ou ta dwe fè Travayè Sosyal ou konnen nenpòt nan pitit ou ki gen bezwen espesyal.

### **Kijan lajan sipò timoun mwen ap afekte lè mwen resevwa garanti pou sèvis gadri?**

Si ou kalifye pou garanti pou sèvis gadri epi ou si ou resevwa sipò timoun dapre lòd tribinal, w ap kapab kenbe tout lajan sipò timoun ou.

### **Èske kalifikasyon mwen pou garanti sèvis gadri sa a yon limit tan tankou limit tan 60 mwa pou CA?**

Non, avantaj sèvis gadri ou anba garanti sa a se pou 60 mwa sèlman. Ou kapab kontinye resevwa avantaj sèvis gadri a toutotan ou kalifye.

### **Pou kisa mwen pa gen yon garanti pou sèvis gadri pandan mwen sou CA?**

Kounye a, ou genyen. Moun k ap patisiye nan CA gen obligasyon nan aktivite travay epitou yo gen yon garanti pou sèvis gadri toutotan yo satisfè sèten kondisyon. Men, swen timoun lan olye ou mande garanti CA ki diskite nan lèt sa a pèmèt ou resevwa menm garanti swen timoun lan san ou pa oblige rete sou CA.

### **Si mwen deside tout sa mwen bezwen vrèman se sèvis gadri, kijan pou mwen aplike pou garanti pou sèvis gadri a?**

Si ou kalifye pou CA epi ou si deside tout sa ou bezwen vrèman se sèvis gadri a, Travayè Sosyal ou kapab di ou kijan fason pou aplike pou garanti pou sèvis gadri a. Si ou deja ap resevwa CA epi ou kalifye pou pwogram nan, w ap bezwen fèmen dosye CA ou pou ou kapab jwenn garanti sa a.

## **Èske y ap peye pou sèvis gadri mwen?**

Si ou chwazi pou resevwa èd sèvis gadri olye ou resevwa CA ak sèvis gadri, w ap gen pou peye yon pati nan frè sèvis gadri ou, pou yon kantite lajan \$15 dola pa semèn pou tout san w ap resevwa sèvis gadri a oswa \$12 dola pa semèn pou sèvis gadri a atan-pasyèl. Sa rele kotizasyon fanmi ou. Answit, si founisè sèvis gadri ou fè ou peye tarif mache a ki endike anwo a, w ap gen pou peye kantite lajan founisè sèvis gadri ou reklame ki depase tarif mache a.

## **Kimoun ki kapab pran swen ptit mwen?**

Ou kapab chwazi nenpòt founisè sèvis gadri ki kalifye. Founisè sa a ka yon sant gadri lisansye oswa agreye, gadri lajounen gwoup fanmi, oswa pwogram sèvis gadri timoun ki gen laj pou ale lekòl. Ou kapab chwazi tou yon manm fanmi, yon vwazen, oswa yon zanmi. Si ou vle pou yon manm fanmi, vwazen, oswa zanmi pran swen ptit ou, l ap bezwen satisfè sèten kondisyon kalifikasyon epitou li dwe enskri nan ajans enskripsyon founisè ki gen egzanpsyón legal. Mande Travayè Sosyal ou fòm enskripsiyoñ yo.

## **Kisa pou mwen fè si mwen chanje lide epi mwen deside mwen bezwen CA ak sèvis gadri?**

Ou kapab toujou aplike pou CA nenpòt kilè. Si yo jwenn ou kalifye pou CA, ou toujou ka kalifye pou sèvis gadri.

## **Kisa ki nan lòt avantaj yo tankou Avantaj Pwogram Èd Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ak Èd Medikal (Medical Assistance)?**

Kalifikasyon ou pou SNAP p ap afekte si ou mande sèvis gadri olye ou mande CA.

Si ou aplike pou Èd Medikal epi ou chwazi pou resevwa sèvis gadri olye ou mande CA, y ap voye aplikasyon ou nan pwogram Medicaid pou yo pran yon desizyon apa. Si w ap resevwa Medicaid epi ou mande pou yo fèmen dosye CA ou, Medicaid ou ap kontinye san chanje jouk lè Medicaid kapab pran yon desizyon apa.

## **Kisa pou mwen fè si mwen gen nenpòt kesyon konsènan lèt sa a?**

Ou kapab kontakte Travayè Sosyal ou.